

MORTGAGE PURCHASE AND REFINANCE

Acha ak Refinansman pou Mògedj/Ipotèk



AVÈTISMAN: Eleman debaz pwodwi oswa sèvis sa a disponib sèlman an Anglè: pa egzanp, dokiman kontra yo, divilgasyon legal yo, epi kominikasyon sèvis ki gen rapò ak pwodwi oswa sèvis la pral bay epwi yo dwe egzekite (kote li ta dwe aplike a) an Anglè. PNC fè efò pou l ofri anpil sèvis sipò lang, men tanpri fòk ou konnen anjeneral pwodwi oswa sèvis la pral akonpli epi sèvi an Anglè. Tèm ak kondisyon prodwi PNC yo estandadize: byenke kondisyon yo ka varye selon reyalite aplikasyon an (sa gen ladan de karakteristik prodwi kliyan chwazi a), admisyon varyasyon yo deja detèmine pakonsekans anplwaye PNC yo pa gen oken otorite pou yo negosye tèm varyasyon an avèk oken moun.

Resous Lang PNC

Tanpri gade nan [PNC.com/Language](https://www.pnc.com/Language) pou jwenn enfòmasyon anplis sou Sipò ki disponib pou Lang.

Acha ak Refinansman pou Mògedj/Ipotèk

PNC ap ede w ak tout prosès la, seswa pou achte kay, oubyen pou w aprann eleman de baz yo, oubyen chèche yon kay, oubyen si w prè pou w achte yon kay. Ou genyen opòtinite tou pou w refinance kay ou pou w ka desann to enterè w chak mwa oubyen pou ba ou aksès sou kash/lajan ou genyen pou w kapab lòt gro depans ke w pat atann.



Karakteristik Prensipal yo

Enfòmasyon enpòtan pou kliyan ki aplike yo epwi ki approve pou yon mògedj nan PNC:

- **Mògedj.** PNC ap pran yon enterè sekirite (ki rele tou mògedj/"ipotèk") sou propriyete w la. Yon mògedj/ipotèk se yon akò ant ou menm ak PNC ki pèmèt ou prete lajan pou achte oubyen refinanse yon kay. **Li bay PNC dwa pou l pran kay sa a si w pa remèt lajan w te prete a.**
- **To pousantaj anyèl (APR).** Yon to pousantaj anyèl se yon mezi pri sa koute nan lajan w prete a. APR la reflète to enterè a, nenpòt pwen, frè pretè konpayi mògedj la/ipotèk la, ak lòt frè ou peye nan kloti oubyen jou final ou siyen pou jwenn prè a. Pou rezon sa, pli souvan APR la pi wo pase to enterè a. W ap resevwa divilgasyon yo nan moman aplikasyon an ak nan moman kloti prè a oubyen jou final pou w siyen kontra a ki pral enfòmasyon w sou APR lan ak to enterè ki plikab pou prè sa a.
- **To Enterè.** Yon to enterè sou yon prè mògedj/ipotèk se pri ou pral peye chak ane pou w ka prete lajan an, ki ekprime sou fòm yon to an pousantaj. Li pa montre frè oubyen nenpòt lòt frè ou ka gen pou peye pou prè a.
- **Deklarasyon/rapò chak mwa.** Ou pral resevwa yon deklarasyon bòdwo chak mwa ki gen enfòmasyon enpòtan sou kont la. Ou dwe li chak rapò/bòdwo sa yo avèk anpil atansyon. Li pral gen ladan balans prè a, peman minimòm ki dwe peye a, dat peman minimòm lan dwe fèt pou pli ta epwi lòt enfòmasyon enpòtan sou kont sa a.
- **Peman chak mwa yo.** Ou pral genyen pou w peye chak mwa sou prè mògedj/ipotèk sa a. Peman mansyèl/chak mwa yo pral gen ladan yon pòsyon pou prensipal la, enterè, ak depo kondisyonèl (si sa aplikab) epwi yo pral remèt montan prè mògedj/ipotèk la sou dire prè a. Chak mwa ou yon obligasyon pou w fè peman pou plita nan dat ki endike nan deklarasyon rapò/bòdwo w la, oubyen yo ka fè w peye yon frè de reta/penalite.
- **Pwen yo.** Pwen yo se frè ou ka peye pou to enterè ka desann pi ba pandan w ap achte oubyen refinanse kay la, ki ekprime sou fòm yon pousantaj montan prè a. Pa egzanp, si montan prè mògedj/ipotèk la se \$100,000, yon pwen ap koute w \$1,000. PNC ka ofri w opsyon pou w peye pwen sa yo sou prè mògedj/ipotèk la.
- **Frè Kloti.** Frè kloti/kontra yo se frè ou pral oblije peye PNC oubyen lòt konpayi nou asosye pou sèvis ki gen rapò ak prè mògedj/ipotèk la. Yo gen ladan yo frè pou rapò kredi ak evalyasyon propriyete a epwi lòt eleman ankò. Ou ka genyen pou w peye konpayi nou asosye avèk yo dirèkteman, oubyen PNC ka peye yo pou ou epwi li mete/ajoute yo nan montan prè mògedj/ipotèk la.
- **To ki Fikse.** PNC ofri mògedj/ipotèk ak to fiks, ki se yon tip de prè pou kay kote to enterè a fikse lè w pran prè a epwi li p ap janm chanje pandan tout dire prè a.
- **To Ajistab (Varyab/ki varye).** PNC ofri mògedj/ipotèk to ajistab (ARM) ki se yon tip de prè to enterè a ka chanje pou prè a, tipikman sa gen parapò pou l fè ak yon to enterè endèks. Chak mwa peyman ou ap monte desann selon peryòd lansman prè a, limit to, ak to enterè endèks la. Avèk yon ARM, to enterè a ak peman mansyèl/chak mwa a ka kòmanse pi ba pase pou yon mògedj/ipotèk to fiks, men ni to enterè a ni peman mansyèl/chak mwa a ka ogmante anpil.
- **Asirans Prive pou Mògedj/Ipotèk.** Asirans prive pou mògedj/ipotèk la pwoteje konpayi ki prete w la pou si ou anreta sou peman yo. Asirans prive pou mògedj/ipotèk yo a tipikman mande pou w peye mwens ke 20 pousan valè pwopriyete a an avans. Li posib ke yo mande w pou peye asirans prive pou mògedj/ipotèk a sou prè a, selon tip de prè a ak montan ou peye an avans la.
- **Asirans Inondasyon ak Propriyete a.** PNC mande pou kay la oubyen propriyete a genyen asirans pandan tout peryòd prè mògedj/ipotèk la. Si kay la oubyen propriyete w la nan yon zòn inondasyon, PNC ap egzije w mete asirans sou kay la pou inondasyon pandan peryòd prè a.

- **Kont Depo Kondisyonèl oubyen de rezèv.** PNC gendwa kreye yon kont depo kondisyonèl/de rezèv pou ou, kote yon pati nan peman prè mansyèl/chak mwa yo ka depoze pou peye frè ki asosye ak kay la, sa gen ladan taks ak asirans pou propriyete sa a. Lè sa a, PNC pral itilize kont sa a pou l peye frè sa yo pou ou nan balans ki nan kont depo kondisyonèl la oubyen kont de rezèv sa a. Si prè w la pa gen yon kont depo kondisyonèl oubyen yon kont de rezèv, w ap genyen pou peye montan sa yo dirèkteman a pròp men pa w.
- PNC ka rapòte aktivite peman w bay ajans rapò sou kredi yo jan lalwa egzije sa.

Prodwi Mògedj/Ipotèk nan PNC Bank

PNC ofri plizyè diferan tip de prè pou mògedj/ipotèk d, tankou Acha, refinance pou Kach epwi refinance pou To ak yon tan Dire. Prè sa yo ka varye selon dire de tan yo, to enterè, gwosè prè a, okopasyon kay la, ansanm ak lòt faktè ankò. Asire ou egzamine ak yon ofisyè de mògedj/ipotèk pou w ka konnen/konprann nan kiyès, nan prè yo endike anba a, ki fè plis sans pou ou oubyen ki an akò ak bezwen pèsònèl ou.

Konvansyonèl - Yon prè konvansyonèl se nenpòt prè mògedj/ipotèk gouvènman an pa asire oswa garanti.

FHA - Prè ki kontrole/reglemante ak asirans Administrasyon Federal la pou Lojman (FHA). Prè FHA yo diferan de prè konvansyonèl yo paske yo pèmèt nòt kredi pi ba ak peman pi ba a.

VA - Yon prè VA se yon program prè Depatman Afè Veteran (VA) ofri pou ede moun ki sèvi na militè yo, veteran ak madanm oubyen mari yo, ak konjwen kalifye ki vivan yo pou achte yon kay.

USDA (Devlopman Riral) - Sèvis Lojman Riral la, ki fè pati Depatman Agrikilti Etazini (USDA), ofri program mògedj/ipotèk san okenn peman avans ak to enterè favorab pou moun k ap achte kay nan zòn riral yo.

Program pou Prè Abòdab – Sa yo se program ki disponib nan PNC ak/oubyen lòt ajans federal, eta oubyen lokal pou moun ki pa gen anpil kòb ki ranpli kritè/kondisyon kalifikasyon byen presi pou pran avantaj de program sa a, tankou asistans pou peman avans la, sibvansyon/kado ak program peman avans ba sa a.

Kijan Pou Jwenn yon Konseye de Lojman nan HUD ki approve epwi Ki Pale Lang Prefere w la byen

- Ou ka jwenn yon lis Konseye Lojman approve HUD nan zòn ou an nan <http://www.hud.gov/offices/hsg/sfh/hcc/hcs.cfm>.
- Antre zipkòd ou epi seleksyone/chwazi lang prefere w la nan meni dewoulan an.
- Oswa, rele HUD nan 800-569-4287 pou yo ede w jwenn yon konseye.

PNC ak PNC Bank a se mak depoze The PNC Financial Services Group, Inc.



©2024 The PNC Financial Services Group, Inc. Tout dwa rezève

PNC Bank, National Association.